# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–20 नवम्बर 2025** **भोजपुरी समाचार**

जनता दल यूनाइटेड प्रमुख नीतीश कुमार आजु दसवां बेरि पड़ोसिहा राज्य बिहार के मुख्यमंत्री के रूप में सपथ लिहलें। बिहार क राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खान पटना के इतिहासिक गांधी मैदान में उनके पद अउर गोपनीयता क सपथ दियवलें। एगो रिपोर्ट–

**बिहार में आज राजनीतिक इतिहास का एक महत्वपूर्ण अध्याय जुड़ गया। एनडीए की ऐतिहासिक जीत के बाद नीतीश कुमार ने पटना के गांधी मैदान में 10वीं बार मुख्यमंत्री पद की शपथ ली। सम्राट चौधरी और विजय कुमार सिन्हा ने पुनः उपमुख्यमंत्री के रूप में शपथ ग्रहण किया। शपथ ग्रहण समारोह में प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी केंद्रीय गृह मंत्री अमित शाह, रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह, केंद्र सरकार के कई मंत्री और एनडीए शासित राज्यों के मुख्यमंत्री भी मौजूद रहे। समारोह के दौरान प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी ने गमछा लहराकर उपस्थित लोगों का अभिवादन किया। आशीष रंजन, आकाशवाणी समाचार, पटना।**

उपराष्ट्रपति सी. पी. राधाकृष्णन, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आ प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ, नीतीश कुमार अउर उनके नया–नियुक्त मंत्रिमण्डल के बधाई दिहलें हवें।

**********

सर्वोच्च न्यायालय कहले हवे कि संविधान के अनुच्छेद दुइ सौ आ दुइ सौ एक के तहत राष्ट्रपति अउर राज्यपाल के ओरि से विधेयकन के मंजूरी दिहले से जुड़ल मामिलन में न्यायालय कउनों समय–सीमा तय नाहीं कइ सके ला। एगो रिपोर्ट–

***मुख्य न्यायाधीश बी. आर. गवई की अध्यक्षता वाली पांच न्यायाधीशों की संवैधानिक पीठ ने सर्वसम्मति से कहा कि यदि राज्यपाल विधानसभा द्वारा पारित विधेयकों को अनुच्छेद 200 के तहत निर्धारित प्रक्रिया का पालन किए बिना रोके रखते हैं तो यह संघीय ढांचे के हित में नहीं होगा। यह मत राष्ट्रपति के उस संदर्भ पर आया जिसमें विधेयको के राज्यपाल और राष्ट्रपति की मंजूरी के लिए समय सीमा को लेकर स्पष्टीकरण मांगा गया था। समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।***

**********

अजोध्या में प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के मौजूदगी में पचीस नवम्बर के होखे जा रहल ध्वजारोहण कार्यक्रम क अनुस्ठान आजु से सुरू हो गइल। येही कड़ी में सरजू किनारे से पांच सौ एक्यावन महिला लोगि कलसा यात्रा निकरलिनि। येह दौरान जजमान अउर श्रीराम जन्मभूमि तीर्थ क्षेत्र ट्रस्ट क ट्रस्टी अनिल मिश्रा सरजू के किनारे कलसा पूजन कइलें।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी येह महिन्ना के तीस तारीख के आकाशवाणी पर 'मन की बात' कार्यक्रम में देस–बिदेस के लोगिन के साथे आपन बिचार साझा करिहें। ई येह मासिक रेडियो कार्यक्रम क एक सौ अट्ठाइसवीं कड़ी होई।

**********

भारत के कला, संस्कृति अउर बिरासति के आगे ले जात देस क छप्पनवां अंतर्राष्ट्रीय फिल्म महोत्सव– इफ्फी एक बेरि फेर गोवा में आपन छटा बिखेरे लागल बा। सूचना अउर प्रसारण राज्य मंत्री डॉक्टर एल मुरुगन आजु पणजी में येह बरिस क इफ्फी क औपचारिक सुरुआति करत वेव्स फिल्म बजारि क उद्घाटन कइलें।

**********

नरेन्द्र मोदी सरकार के ओरि से कई गो क्षेत्रन में जीएसटी दर कम कइले के सथहीं बाइस सितम्बर से जीएसटी बचत उत्सव सुरू भइल। एहसे देस भर के लोगिन के फायदा मिलि रहल बा। एगो रिपोर्ट–

***नया जीएसटी सुधारन में इलेक्ट्रॉनिक क्षेत्र में टेक्स में कटउती कइ के लोगिन के ढेरे राहति दीहल गइल बा। येह सुधारन में एयर कंडीसनर आ डिसवॉसर पर जीएसटी अट्ठाइस फीसदी से घटा के अठारह फीसदी कइ दीहल गइल बा, जेहसे घरेलू समानन के बिकिरी में बढ़ोत्तरी आइल हौ। येही तरियन टीवी, मॉनीटर आ प्रोजेक्टर पर अट्ठाइस फीसदी के बजाय अब अठारह फीसदी जीएसटी लगि रहल बा, जेहसे लोगिन के ई उत्पाद अब पहिले के तुलना में अउरियो सस्ता दाम पर मिलि रहल हौ। नया कर सुधारन क उद्देस्य मेक इन इण्डिया पहल के बढ़ावा दीहल बा। आकाशवाणी नई दिल्ली से रोजन आ समर्थ अउर सकलेन अख्तर के रिपोर्ट के साथे समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।***

**********

मऊ जिला में समाजवादी पारटी से घोसी विधानसभा क्षेत्र क विधायक सुधाकर सिंह क आजु भिन्नहीं सरगबास हो गइल। उहां के सड़सठ बरिस कै रहलीं। सीना में दर्द के सिकाइति पर उहां के दुइ दिन पहिले अस्पताले में भरती करावल गइल रहे। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ उनके सरगबास पर ढेरे दुख जतवले हवें।

**********

गौतमबुद्ध नगर के ग्रेटर नोएडा के शहीद विजय सिंह पथिक स्टेडियम में चलि रहल विश्व मुक्केबाजी कप के फाइनल मोकाबिला में भारत दुइ गो स्वर्ण पदक जीति लिहले हवे। पहिला पदक भारत क खेलाड़ी मीनाक्षी उज्बेकिस्तान के खेलाड़ी के अड़तालीस किलोग्राम भार वर्ग में हरा के हासिल कइलिनि। ओही भारतीय मुक्केबाज प्रीति चउवन किलो भार वर्ग में इटली क खेलाड़ी के हरा के स्वर्ण पदक जीति लिहलिनि।

**********

मौसम विभाग प्रदेस में छब्बीस नवम्बर ले भिन्नही के समय कहीं–कहीं हल्लुक से मध्यम कुहेसा क सम्भावना जतवले हौ। येह दौरान मौसम सुस्क रही। विभाग के मोताबिक अगिला दुइ दिन के बाद न्यूनतम तापमान में दुइ डिगिरी सेल्सियस के गिरावटो क सम्भावना बा।

**********